

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan anu ngawengku instrumén panalungtikan, alur panalungtikan, sarta analisis data.

Métode panalungtikan ngandung harti cara ilmiah pikeun nyangking data kalawan udagan anu tangtu (Sugiyono, 2017, kc. 2). Metodologi dina panalungtikan kabagi jadi tilu, di antarana métode panalungtikan kuantitatif, kualitatif, jeung campuran.

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Moleong (dina Arikunto, 2013, kc. 22) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu nyoko kana sumber data dina wujud kekecapan boh sacara lisan boh tulisan. Saluyu jeung pamadegan (Sidiq & Choiri, 2019, kc. 3) anu ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan pikeun ngahasilkeun pamanggih nu teu bisa kahontal ku cara prosedur statistik atawa cara kuantitatif. Panalungtikan kualitatif bisa medar kahirupan masarakat, sajarah, paripolah, fungsionalisme organisasi, pergerakan sosial, jeung nu patali jeung kabarayaan. Sababaraha data bisa diukur ku cara data sénsus, tapi analisisna angger ku analisis data kualitatif.


Dumasar kana métode anu dipilih, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun struktur jeung ajén romantik tina objék panalungtikan nu mangrupa rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi.

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ngalaksanakeun panalungtikan perlu ayana désain panalungtikan sangkan leuwih babari dina panalungtikanana. Désain panalungtikan mangrupa rarancang cara ngumpulkeun jeung nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun kalawan éféktif sarta luyu jeung udagan panalungtikan nu rék ditalungtik.

Ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah, nyaéta (1) nangtukeun masalah, (2) ngumpulkeun data, (3) nangtukeun métode panalungtikan, (4) analisis

data, (5) ngadéskripsikeun jeung interprétasi data, (6) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré, gambaran léngkah-léngkah anu baris dilakonan didadarkan dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1 *Désain Panalungtikan*

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah pangpentingna anu kudu dirandapan dina panalungtikan, lantaran tujuan tina panalungtikan nyaéta nyangking data (Sugiyono, 2017, kc. 224). Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta talaah pustaka jeung dokuméntasi. Nurutkeun (Arikunto, 2013, kc.85) téknik talaah pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya patalina jeung konsép téoritis sarta pedaran pasualan panalungtikan.

- 1) Nangtukeun sumber data atawa obyék nu rék diulik, nyaéta rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi.
- 2) Nyieun transkripsi mamaos tina wangun lagu kana wangun tulisan.
- 3) Nyieun kartu data dumasar judul mamaos.
- 4) Nangtukeun tiori-tiori nu ngarojong kana panalungtikan.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis struktur puisi nyaéta téhnik anu udaganana pikeun maluruh sarta nangtukeun struktur puisi nu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, téma, rasa, nada, jeung amanat. Salian ti analisis struktur puisi, dianalisis ogé ajén romantik anu nyangkaruk dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi. Ngaliwatan téhnik analisis, dipiharep analisis struktur jeung ajén romantik nu nyampak dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi bisa didéskripsikeun kalawan jéntré.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nurutkeun Arikunto (2013, kc. 193) nyaéta alat anu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa informasi panalungtikan nalika ngagunakeun hiji métode. Anapon instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta pedoman wawancara jeung kartu data. Pedoman wawancara jeung format kartu data anu baris digunakeun nyaéta saperti kieu.

1) Pedoman Wawancara

Tabél 3. 1 *Pedoman Wawancara*

No	Patalékan
1	Idéntitas narasumber (wasta, tempat lahir, padumukan, pakasaban)
2	Naon nu jadi kasang tukang dijieunna unggal karya rumpaka mamaos?
3	Udagan naon nu hayang dihontal tina diciptakeunna karya rumpaka mamaos?

2) Transkripsi Mamaos

Tabél 3. 2 *Data Transkripsi Mamaos*

No	Judul Mamaos	Nu Nyanggi	Laras	Kode Data

3) Kartu Ngumpulkeun Data

Tabél 3. 3 *Kartu Data Struktur Puisi*

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Diksi

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Imaji

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Kecap Kongkrit

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Gaya Basa

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Purwakanti

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Téma

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Rasa

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Nada

No	Kode Data (J/L/Pd/Pdl)	Amanat

Tabél 3. 4 *Kartu Data Ajén Romantik*

No	Kode Data (J/L)	Ajén Romantik	Cutatan

Keterangan kode data:

- (1) J : Judul mamaos
- (2) L : Laras
- (3) Pd : Pada
- (4) Pdl : Padalisan

4) Kartu Ngolah Data

Tabél 3. 5 *Kartu Data Analisis Déskriptif*

Analisis Struktur Puisi (Lahir)
Diksi
Judul: Ceurik Rahayat <i>ngadu angkuh ngadu bedang</i>
CR/MD/02/01
Kecap <i>bedang</i> dina kalimah <i>ngadu angkuh ngadu bedang</i> miboga harti wangkelang atawa pada mawa karep sorangan. Maksudna, pangarang hayang némbongkeun nu keur gelut atawa perang nu saruana embung ngéléhan, pada-pada hayang meunang sorangan.

Tabél 3. 6 *Kartu Data Analisis Déskriptif*

Analisis Ajén Romantik
Séntiméntalisme
Judul: Kates
Kode Data: K/P
Siang wengi nyileuk mikir Bingung téh taya lirénna Haté téh ngan bati jéngkél Kuma piakaleunana Énggal laksana Ripuh ngagugulung bingung Wakca rémpan teu kamanah
Analisis: Dumasar kana rumpaka mamaos nu judulna <i>Kates</i> , dina éta rumpaka pangarang némbongkeun rasa guligah. Dina éta kalimah, pangarang ngébréhkeun kateusabaranana dina nyanghareupan hiji hal. Tina éta rumpaka, kapaluruh yén pangarang keur aya dina kondisi anu séntimental. Ku kituna, kabukti yén dina mamaos <i>Kates</i> nyangkaruk hiji ciri tina romantisme, nyaéta séntiméntalisme.

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.4.1 Data


Data nyaéta sakur informasi atawa katerangan-katerangan tina hiji hal nu dicangking ngaliwatan analisis atawa observasi ka sumber-sumber anu tangtu. Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur jeung ajén romantik tina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi.

3.4.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subyéék timana asalna data. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi saperti buku, jurnal, atawa naon waé nu aya patalina jeung panalungtikan.

3.4.2.1 Buku *Tembang Kamelang* jeung Rékaman Audia MP3

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta buku *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi. Lian ti sumber tinulis, sumber data utama dina ieu panalungtikan téh nyaéta tina rékaman audio nu dicangking tina hasil ngarékam langsung ti Tatang Setiadi.



Judul buku : Tembang Kamelang
 Pangarang : Tatang Setiadi
 Penerbit : Yayasan Percéka Art Centre
 Taun terbit : 2020

Gambar 3. 1 *Tembang Kamelang*

2) Rékaman Audio tina MP3

Sumber data lianna dina ieu panalungtikan nyaéta rékaman audio tina hasil ngarékam langsung ti Tatang Setiadi.

3.4.2.2 Biografi Singget Tatang Setiadi

Tatang Setiadi nyaéta salah saurang seniman ogé budayawan anu gumelar di Bandung, 24 Désémber 1954. Dina taun 1987 Tatang ngadegkeun hiji wadah pembinaan seni jeung budaya anu dingaranan Sanggar Percéka. Ti harita, kiprah Tatang di dunya seni, tradisi, jeung budaya mimiti ngahasilkeun karya nu réa.

Salah sahiji tujuan utama Tatang ngadegkeun Sanggar Percéka nyaéta pikeun ngabina sakur masarakat nu miboga karep pikeun mikawanoh, diajar, tur neuleuman sarta micinta budaya anu dijerona kaasup kasenian tur tradisi nu jadi warisan ti karuhunna. Hal éta katémbong tina karya-karya Tatang anu leubeut ku mangpaat pikeun balaréa. Di antarana baé *Tari Nyalawéna* anu dijieun dina taun 1990 anu salah sahiji tujuanana pikeun ngangkat ékonomi masarakat basisir Sindangbarang. Ogé nyieun acara festival budaya anu dingaranan *Ngalokat Leuwi Jangari* tur *Ngarak Burayak* dina taun 2011, anu tujuanana sangkan Leuwi Jangari bisa diala mangpaatna ku balaréa hususna ku masarakat Jangari. Éta dua karya téh jadi hiji tradisi anu diayakeun unggal taun ku masarakat Sindangbarang jeung Jangari nepi ka kiwari.


Tatang anu kasohor salaku seniman dina sagala widang ogé ngabuktikeun kamahérna dina widang sastra. Dina taun 2012 buku karya Tatang Setiadi anu judulna *Asal Usulna Hayam Pelung jeung Dongéng-Dongéng Cianjur Lianna* dilélér Hadiah Samsudi ti Yayasan Kebudayaan Rancagé. Karya sastra Tatang lianna mangrupa novel anu dijerona dieuyeuban ku rumpaka-rumpaka tembang anu lolobana mah meunang ngangggit Tatang sorangan, éta buku téh judulna *Tembang Kamelang* anu diterbitkeun dina taun 2020. Dina taun 2022, Tatang disinugrahan meunang sértifikat *Tradisi Lisan* ti Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi.

Konsisténsi Tatang dina ngabina tur ngahasilkeun karya dina waktu kurang leuwih 40 taun lilana, nepi ka kiwari ngajadikeun sanggar binaanana terus hirup sarta terus ngalahirkeun pucuk-pucuk seniman panerus warisan ti karuhun.

3.5 Prosedur atawa Alur Panalungtikan

Prosedur atawa alur panalungtikan nyaéta rarancang mangrupa pola, wangun, modél, tujuan jeung maksud panalungtikan nu mangrupa prosés dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah ku cara nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, jeung métode panalungtikan. Sabada meunangkeun sababaraha masalah, tuluy ngumpulkeun data. Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Sanggeus data kakumpul dituluykeun ku nganalisis struktur puisi nu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, téma, rasa, nada, jeung amanat.

Dina ieu panalungtikan ogé maluruh ciri romantisme. Ciri ajén romantik kabagi jadi 5, nyaéta: 1) balik deui ka alam; 2) nguyung; 3) primitivisme; 4) séntiméntalisme; 5) individualisme; 6) éksotisme. Sabada meunangkeun hasil panalungtikan jeung pedaran nu ngawengku struktural jeung ciri romantisme, tuluy panalungtik nyieun kacindekan nu diluyukeun kana rumusan masalah, udagan, jeung judul dina ieu panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré alur panalungtikan digambarkeun dina bagan 3.2.



Bagan 3. 2 *Prosedur atawa Alur Panalungtikan*

